



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU GARANTI VÒT PA
KORESPONDANS YO EPI PWOTEJE DWA NOUYÒKÈ YO POU YO VOTE**

Lejislasyon (S.253A/A.1144A) asire bilten vòt yo pa anile akòz mak oswa ekriti parazit

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.253A/A.1144A) jodi a pou garanti vòt pa korespondans yo ak pwoteje dwa Nouyòkè yo pou vote nan asire ke bilten vòt yo pa anile akòz mak oswa ekriti parazit osi lontan entansyon elektè a eksprime a byen klè.

"Pandan lòt eta yo kreye obstak kont dwa pou vote, New York ap elaji aksè nan bilten vòt yo avèk refòm lojik ki rann eleksyon nou yo lib ak jis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Okenn bilten vòt pa ta dwe diskalifye akòz yon sèl kout plim pa erè epi lejislasyon n ap siyen jodi a make yon gwo pa an avan pou asire vòt byen klè Nouyòkè yo konte".

Lwa Eleksyon an egzije pou yo make bilten vòt yo sèlman nan espas kote elektè a ap vote pou kandida li chwazi a. Pafwa, bilten vòt yo gen mak oswa tach parazit. Sa yo ka aksidantèl oswa envolontè, epi yo ka diskalifye yon bilten vòt ki legal, prive elektè a dwa li san okenn benefis politik piblik. Lejislasyon sa a asire ke lè entansyon yon elektè eksprime klè, pa gen okenn bilten vòt pa korespondans k ap anile akòz yon mak oswa ekriti parazit epi pral elimine difikilte jiridik ki koute chè sou validite bilten vòt pa korespondans yo ki se yon fado pou Nouyòkè yo epi ki gen potansyèl pou prive elektè yo dwa yo.

Bilten vòt pa korespondans yo ak kapasite pou patisipe nan pwosesis elektoral la ke yo fasilite yo se yon bagay fondamantal pou prezève eleksyon lib, jis ak fòs demokrasi nou an. Nan dènye ane yo, itilizasyon bilten vòt pa korespondans lan te ogmante anpil nan New York epi li enpòtan anpil pou pwoteje itilizasyon yo pou asire okenn Nouyòkè pa prive nan dwa yo.

Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie. "Bilten vòt pa korespondans yo se yon fason enpòtan Nouyòkè yo ka patisipe nan demokrasi yo lè ale nan biwo vòt an pèsòn se pa yon opsyon. Okenn elektè pa ta dwe gen bilten vòt yo ki diskalifye poutèt yon mak parazit oswa lòt detay teknik, toutotan entansyon yo byen klè. Lwa sa a pral ede asire plis vòt konte epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen li."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Li enpòtan pou pwosesis elektoral la ak konfyans elektè yo ke entansyon yon elektè onore. Pwojè lwa sa a egzije pou bilten vòt pa korespondans yo ki gen mak parazit yo konte lè entansyon elektè a byen klè. Pou elektè yo ki itilize bilten vòt pa korespondans yo, sa leve yon aspè teknik ki asire vòt yo konte menm si gen yon mak aksidantèl yon kote sou paj la. Mwen remèsye Senatè S Myrie pou patenarya li ak defans li ki te mennen nan adopsyon lwa a nan Sena a. Mwen bat bravo tou pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a, epi nan fè sa, li te fè yon pa enpòtan pou bay elektè New York yo tout dwa yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418